



Aplikasyon pou Pass pou Aksè Transpòtasyon CharlieCard

Yo p ap Trete oswa Retounen Aplikasyon ki pa Konplè yo

PATI A: Pou Aplikan an Konplete

Enfòmasyon Aplikan: (Lèt Detache) ☐ Aplikan Premye fwa ☐ Renouvle

Non Fanmi _____ Prenon _____ MI _____

Adrès _____ Apt. No. _____

Vil _____ Eta _____ Kòd Lapòs Zip _____

Telefòn _____ Dat Nesans ____/____/____

Enfòmasyon Kontak Ijans: Non _____

Relasyon _____ Telefòn _____

Otorizasyon pou Piblikasyon Enfòmasyon sou Moun ki Andikape:

Mwen otorize pwofesyonèl swen sante a konplete aplikasyon sa a pou l pibliye enfòmasyon sou andikap mwen bay Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA).

Siyati Orijinal Aplikan an

Dat

Soumisyon Aplikasyon:

Tanpri retounen aplikasyon konplè a nan adrès ki annapre a. **Yo p ap aksepte fotokopi oswa faks.**

MBTA CharlieCard Store

Downtown Crossing Station
Underground Concourse
7 Chauncy St., Boston, MA 02111

Ou pral resevwa yon Lèt sou Estati Aplikasyon an nan 6 – 8 semèn avèk enstriksyon sou kijan pou w jwenn Tikè Redwi CharlieCard la. Lè w ale nan yon magazen CharlieCard, tanpri prezante aplikasyon orijinal ki siyen an, dokiman orijinal yo mande yo ak yon lisans chofè ki valab, Idantifikasyon Rejis Otomobil oswa Paspò.

PATI B: Kritè Kalifikasyon pou TAP CharlieCard

Aplikasyon ki Otomatikman Kalifye (Dokiman Orijinal Sèlman)

Aplikasyon ki satisfè youn nan kritè ki anba yo kalifye otomatikman pou yon Transportation Access Pass (TAP) CharlieCard. Sèlman konplete PATI A, tcheke kategori anba a ki aplike avèk ou epi prezante dokiman yo mande yo.

Aplikasyon an ka sijè a revizyon siplemantè depann de dokiman yo prezante a

- ☐ **Moun ki gen Kat Medicare/Pati A ak B oswa One Care Card:** Tanpri prezante Kat Medicare Wouj, Blan, ak Ble w, Commonwealth Care Alliance One Care Card oswa Tufts Health Unify Card nan lè vizit la. *Se pa Fotokopi*
- ☐ **Kliyan aktyèl ki nan THE RIDE:** # IDANTIFIKASYON RIDE : _____.
- ☐ **Veteran ki gen yon andikap ki egal a 70% oswa pi gwo:** Prezante Lèt Rezime Benefis la nan fèy ki gen antèt Administrasyon Veteran, ki presize pousantaj andikap la.
- ☐ **Moun ki gen kat Tikè Redwi nan MA oswa Andeyò Eta:** Prezante yon kat tikè redwi aktyèl ki soti nan eta w la oswa nan zòn ki gen yon dat ekspirasyon.
- ☐ **Kliyan nan ajans ki annapre yo:** Prezante lèt orijinal la sou papye ki gen antèt ajans lan ki soti kote reprezantan ajans ki otorize (oswa vandè) pou verifye estati kòm yon kliyan aktyèl.
 - ☐ DMH/Department of Mental Health(ki gen ladann vandè DMH yo)
 - ☐ DDS/Department of Developmental Services MRC/Massachusetts
 - ☐ Rehabilitation Commission
- ☐ **Fòmasyon Vwayaj**
- ☐ **Plak Andikap RMV**

Tout lòt Aplikasyon yo

Si w pa satisfè youn nan kritè ki anwo a, konplete PATI A epi fè pwofesyonèl swen sante w ki gen lisans konplete PATI C nan aplikasyon sa a.

RÈGLEMEN ENPÒTAN AK KONDISYON POU ITILIZASYON

- Patisipasyon w nan Pwogram Pass pou Aksè Transportation CharlieCard la fèt an akò avèk Règleman Konfidansyalite MBTA. Ou kapab jwenn règleman an nan www.mbta.com.
- Pass pou Aksè Transpòtasyon CharlieCard la sijè pou enspeksyon oswa revizyon pa pèsònèl MBTA a nenpòt lè pou yo asire ke moun ki otorize a sèlman itilize l nenpòt lè.
- Yon moun ki pa otorize ki itilize kat Pass pou Aksè Transportation CharlieCard ou sijè a penalite/kriminèl anba Chapit 161, Seksyon 113A nan Lwa Jeneral ak/oswa nenpòt lòt Lwa Jeneral ki aplikab nan MA. Anplis, yo kapab diskalifye oswa entèdi w patisipe nan pwogram Pass pou Aksè Transpòtasyon CharlieCard la si w otorize lòt moun itilize kat ou.

PATI C: Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante

PATI C a dwe konplete pa yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans oswa ki sètifye, e yo dwe resevwa yo nan MBTA nan 60 jou de lè pwofesyonèl swen sante a siyen an. **Tanpri E-N-P-R-I-M-E**

Non Pwofesyonèl Swen Sante _____

Tit Lisans _____ Espesyalite _____

Nimewo Lisans _____ Eta ki bay lisans la _____

Adrès Biznis _____

Vil _____ Eta _____ Kòd Lapòs _____ Telefòn _____

NÒT KI ENPÒTAN SOU PWOGRAM NAN: MBTA bay Pass pou Aksè Transportation CharlieCard la baze sou nivo difikilte aplikan an, ak planifikasyon ak efò siplemantè yo ka egzije, pou itilize otobis/tren/tren piblik akòz yon andikap fizik, sikyatri, entelektyèl oswa nan sans yo. Yo bay TAP CharlieCard la pou aplikan ki andikap ki gen difikilte modere/grav pou rete tann yon otobis, tandè anons yo, li siy vizyèl, konprann ak/oswa swiv enstriksyon, monte nan bon tren, kenbe andirans, fonksyone byen nan mitan foul, mache nan yon sèten distans pou transfere ant mòd transit, elatriye. **YO PA BAY** TAP CharlieCard la baze sou nivo revni aplikan an.

1. Ki andikap aplikan an genyen?

Itilize Gid Nimewo ki nan do paj la _____

Dyagnostik Espesifik: **(Dwe konplete pa Pwofesyonèl Swen Sante a)**

2. Kijan andikap la afekte aplikan an, jan yo dekri nan seksyon anwo a “Nòt ki enpòtan sou Pwogram nan”, lè l ap vwayaje nan MBTA?

Tanpri Presize: **(Dwe Konplete pa Pwofesyonèl Swen Sante a)**

3. Dire yo prevwa pou andikap la: Tanpri chwazi youn nan de opsyon ki anba a:

_____ Kondisyon an gen potansyèl pou l amelyore nan 1 ane
_____ Yo pa atann pou kondisyon an amelyore

4. Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay anwo a konsènan aplikan MBTA TAP CharlieCard la kòrèk dapre tout konesans mwen:

Siyati Orijinal Pwofesyonèl Swen Sante

Dat

Direktiv pou Pwofesyonèl Swen Sante yo

Tanpri itilize kategori anba a pou w konplete Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante Pati C, Atik #1: “Kisa andikap aplikan an ye?”

- 1. ITILIZATÈ APARÈY MOBILITE WOULANT:** Moun ki akòz yon andikap, bezwen itilize aparèy ki gen wou, tankou chèz woulant, machin de wou (scooter), elatriye.
- 2. ANDIKAP SEMI-AMBILATWA:** Moun ki akòz yon andikap, mache avèk difikilte oswa ensekirite e ki ka genyen oswa pa genyen aparèy òtopedik, aparèy pou mache, baton, beki.
- 3. MALADI NAN ZO AK MISK** tankou dystrofi miskilè, osteogenesis enpafè oswa atrit kote kapasite fonksyonman an limite pou l pran swen tèt li ak/oswa aktivite pwofesyonèl ak pa pwofesyonèl.
- 4. AMPITASYON YON MANM.** Tanpri presize ki manm ki afekte a.
- 5. EFÈ GRAV CVA (KONJESYON SEREBRAL):** Kondisyon pou w kalifye gen ladann feblès nan fonksyonman motè ki afekte nenpòt nan de manm yo oswa ataksya 4 mwa apre cva.
- 6. MALADI NAN POUMON KI GRAV** (restriksyon/obstak) ki afekte mouvman. Moun ki gen rezilta PFT yo < 50% valè yo prevwa (FEV1; FVC; %FEV1; FEF25%-75%). Difikilte respirasyon parèt pandan aktivite chak jou yo, monte mach eskalye oswa mache 100 yad; avèk yon ti kras efò; oswa menm lè w ap repoze.
- 7. MALADI KÈ KI GRAV** ki lakoz restriksyon modere oswa grav nan aktivite fizik òdinè; e ka lakoz fatig, palpitasyon, pwoblèm respirasyon oswa doulè nan pwatrin lè w ap mache nan youn oswa plis blòk, monte mach eskalye, oswa menm lè w ap repoze. Klasifikasyon: Functional III oswa IV; Therapeutic C oswa D.
- 8. MOUN KI NAN TRETMAN DYALIZ**
- 9. PWOBLEM VIZYON:** Moun sa yo ki legalman avèg, kote akwite vizyèl yo nan je ki pi bon an, apre koreksyon 20/200 oswa pi mal worse oswa chan vizyèl la kontrakte. [Aplikan an pral kalifye pou **MBTA Blind Access CharlieCard** avèk yon Komisyon MA aktyèl pou Sètifika/ Blind Card oswa lòt Sètifikasyon pou Avèg]

10. ANDIKAP KI GEN RAPÒ AK TANDE

- 11. ANDIKAP KOÒDINASYON:** Moun ki gen feblès nan fonksyonman nenpòt nan de manm yo oswa ki konn gen manifestasyon ki redwi mouvman l anpil, koòdinasyon ak/ oswa pesepsyon.

12. ANDIKAP ENTELEKTYÈ

- 13. CEREBRAL PALSY:** Tanpri mete gravite difikilte ki genyen nan fonksyonman motè.

14. EPILEPSI (KRIZ)

- 15. OTIS:** Tanpri dekri nati ak gravite andikap la.

- 16. ANDIKAP NEWOLOJIK** afekte aprantisaj, pesepsyon ak fonksyonman konpòtman. Tanpri mete kondisyon ak koz.

- 17. ANDIKAP SIKYATRIK:** Sesyon sa a aplike pou yon moun ki gen gwo maladi mantal alontèm, ki:

- Gen ladann yon twoub sibstansyèl nan panse, memwa, pesepsyon, oswa oryantasyon
- Grandman afekte jijman, konpòtman, kapasite pou l rekonèt reyalyte, oswa
- Grandman afekte kapasite pou satisfè bezwen sipò lavi òdinè/endepondan nan manje, lojman, rad, jere finans, ak swen sante.

Tanpri montre deskripsyon ak dire kondisyon an.

Pou Itilizasyon Entèn Sèlman: Inisyal Pèsonèl la _____ Dat _____

Apwouve: _____ Oto-Renouvle _____ Refize _____ Pa konplè _____